

TOUAZIÈM PATI

Lavi nan Kris-la

PRÉMIÉ SÉKSION

Vokasion moun-nan : lavi nan Éspri-a

TOUAZIÈM CHAPIT

Bondié sové nou: laloua-a ak lagras-la

ATIK 3

L'Égliz-la, manman épi édikatri

- 2030 Sé nan l'Égliz-la, nan kominion ak tout moun ki batizé-yo, krétyin-an réalisé vokasion-l. Nan l'Égliz-la, li résévoua Paròl Bondié-a ki gin ladan-l ansègnman « Laloua Kris-la » (Ga 6, 2). Nan l'Égliz-la, li résévoua lagras sakréman-yo ki soutni-l sou « rout »-la. Nan l'Égliz-la, li aprann
- 828 *égzanp viv sin-an* ; li rékonèt vizaj *égzanp sa-a épi sous-li nan Trè Sint Vièj Mari* ; li rékonèt-li nan véritab témouagnaj moun-yo ki té viv dapré *égzanp sa-a* ; li dékouvri-l nan tradision spirituèl li-a épi nan tout istoua
- 1172 sin-yo ki té vini anvan-l yo, sa litiji-a sélébré nan déroulman kalandriyé sin-yo.
- 2031 *Lavi moral-la sé yon sèvis adoration spirituèl* (cf. Rm 12, 1). « Nou ofri kò nou tankou sakrifis vivan, sin, ki fè Bondié plézi » (cf. Rm 12, 1), nan kò Kris-la nou fòmé-a épi nan kominion ak sakrifis Ékaristi li-a. Nan litiji-a épi nan sélébrasion sakréman-yo, priyè-a ak ansègnman-an fè youn ak lagras Kris-la pou kléré épi nourri konpòtman krétyin-an. Minm jan ak tout lavi krétyin-an, lavi moral-la jouinn sous-li épi aboutisman-l nan Sakrifis ékaristik-la.
- 1368

85-87,
888-892**I. Lavi moral-la épi Majistè l'Égliz-la**

- 2032 L'Égliz-la, « kolòn ak fondman vérité-a » (1 Tm 3, 15), « té résévoua nan min Apot-yo kòmandman solanèl Kris-la pou-l anonsé vérité k-ap sovè nou-an » (LG 17). « Sé devoua l'Égliz-la pou-l anonsé tout tan épi tout koté prinsip moral-yo minm nan domèn sosyal-la, épitou pou-l poté yon jijman sou ninpòt réalité moun-nan, nan mézi doua fondamantal moun-yo épi salu nanm-yo égzijé sa » (CIC, can. 747).
- 2246
- 2420
- 2033 *Majistè Pastè l'Égliz-la* nan domèn moral-la, dòdinè yo égzèsé-l nan katéchèz-la ak nan prédikasyon-an, avèk konkou travay téolojyèn-yo épi ékrivin spirituèl-yo. Konsa, sot nan yon jénérasyon al nan yon lòt, anba gid ak vijilans Pastè-yo, yo transmèt « dépo » ansègnman moral krétyin-an, ki konpozé spésyalman apati tout règ-yo, kòmandman-yo épi vèrtu-yo ki vîn soti nan lafoua nan Kris-la épi ki jouinn lavi nan charité-a. Katéchèz sa-a tradisionèlman gin kòm fondman ansanm ak Sinbòl lafoua-a épi Lapriyè Granmèt-la, Dékalòg-la ki déklaré prinsip lavi moral-la ki valab pou tout moun-yo.
- 84
- 2034 Pontif Romin-an épi Évèk-yo, kòm « véritab ansègnan sètadi ki gin otorité Kris-la, [...] préché bay pèp-la yo rinmèt yo-a lafoua pou-l kouè-a épi pou-l apliké nan konpòtman-l yo » (LG 25). *Majistè òdinè* épi inivèsèl Pontif Romin-an épi Évèk-yo ki nan kominion avèk li-a ansègné fidèl-yo vérité pou yo kouè-a, charité pou yo pratiké-a, kontantman anplin pou yo espéré-a.
- 2035 Dènié degré patisipasyon nan otorité Kris-la sé karism *infayibilité-a* ki asiré-l. Karism sa-a « rivé jous koté dépo Révélation Bondié-a rivé-a » (cf. LG 25) ; li rivé jous nan tout éléman minm ansègnman sa-a, ki gin ladan-l doktrîn moral-la, san éléman sa-yo yo pap kapab protéjé, ékspozé épi obsèvé vérité lafoua-yo k-ap sovè moun-nan (CDF, décl. " *Mysterium Ecclesiae* " 3).
- 2036 Otorité Majistè-a rivé tou jous nan kòmandman spésifik *laloua natirèl-la*, paské obsèvan yo sé Kréatè-a ki mandé sa, li nésésè pou sovè moun-nan. Majistè l'Égliz-la, antan li raplé sa laloua natirèl-la bay lòd fè-yo, ap égzèsé yon pati ésansièl nan fonksion profètik li-a, antan l-ap anonsé moun-yo ki sa yo yé vrèman épi fè yo sonjé ki sa yo doué yé dévan Bondié (cf. DH 14).
- 1960
- 2037 Laloua Bondié-a, sa yo konfié l'Égliz-la, yo transmèt-li bay fidèl-yo tankou chémin lavi-a épi vérité-a. Sé poutèt sa fidèl-yo gin *doua* (cf. CIC, can. 213) pou yo instrui yo osijè sa Bondié bay lòd fè-yo pou yo sovè-a, sé sa ki pròpté jijman-an palintèmediè lagras-la, épi ki géri rézon moun-nan ki blésé-a. Yo gin *Dévoua* pou yo obsèvé konstitision épi dékrè otorité léjitim l'Égliz-la proklamé-yo. Désizyon sa-yo, minmsi sé t-a pou kèsion disiplin, mandé dosilité nan charité-a.
- 2041

- 2038 Nan travay anségné épi apliké doktrîn moral krétyin-an, l'Égliz-la bézouin dévouman Pastè-yo, sians téolojyin-yo, kontribision tout krétyin-yo ak tout moun ki gin bòn volonté. Lafoua-a épi pratik Évanjil-la fè chak moun ékspérimanté lavi « nan Kris-la », ki kléré-l épi fè-l vîn kapab kalkilé réalité ki konsèné Bondié ak moun-nan dapré Éspri Bondié-a (cf. 1 Co 2, 10-15). Konsa Éspri-Sin-an kapab sèvi ak sa-k pi piti-yo pou-l kléré savan-yo épi sa-yo ki pi ro nan dignité-a.
- 2442
- 2039 Sé pou yo égzèsé ministè-yo nan yon éspri sèvis fratènèl épi dévouman aléga l'Égliz-la, nan non Grammèt-la (cf. Rm 12, 8. 11). An minm tan, konsians chak moun, nan jijman moral-li osijè aksion pèsonèl li-yo, doué évitè pou-l t-a rété fèmin sèlman nan konsidèrasion individuèl-la. Pi byin li kapab, sé pou-l fè éfò pou-l ouvri sou konsidèrasion byin tout moun-yo, dapré jan sa éksprimé nan laloua moral natirèl-l la épi nan laloua yo révéle-a, épi apré sa nan laloua l'Égliz-la ak nan véritab ansègnman Majistè-a osijè kèsion moral-yo. Yo pa doué opozé konsians pèsonèl-la épi rézon-an kont laloua moral-la oubyin Majistè l'Égliz-la.
- 1783
- 2040 Konsa yon véritab *léspri filial aléga l'Égliz-la* ap kapab ogmanté pami krétyin-yo. Sa sé dévlopman nòminal lagras batèm-nan ki anfanté nou nan vant l'Égliz-la épi fè nou tounin manb kò Kris-la. L'Égliz-la, ak dévouman-l kòm manman, ba nou mizérikòd Bondié-a ki dépasé tout péché nou-yo épi k-ap aji spésialman nan sakréman Rékonsiliasion-an. Tankou yon manman ki prévouayan, li ofri nou, nan litiji li-a tou, nouriti Paròl-la épi Ékaristi Grammèt-la chak jou.
- 167

II. Kòmandman l'Égliz-yo

- 2041 Plas kòmandman l'Égliz-yo sé nan lign lavi moral-la ki fè youn ak lavi litijik-la épi ki nourit nan li-a. Karaktè obligatoua laloua pozitif sa-yo otorité pastoral-yo promulgé yo, gin kòm finalité pou prévoua minimòm ki nésèsè-a pou fidèl-yo nan léspri priyè-a épi nan éfò moral-la, pou kouasans nan rinmin pou Bondié ak pou prochin-an.
- 2042 Prèmié kòmandman-an (« Jou Dimanch-yo [Jou Grammèt-la] ak lòt fèt yo préskri-yo sé pou tandé Mès-la épi sispann travay tankou ésklav ») (« Jou dimanch pou respékté, ni jou fèt-d-obligasion. Minm jou sa-yo pou-ou al lamès, pou-ou asisté-l avèk tout kè-ou ») égzijé fidèl-yo pou yo sanktifé jou koté yo fè sonjé rézireksion Grammèt-la, koté yo onoré mistè Sint Vièj Mari épi sin-yo, toudabò antan yo patisipé nan sélébrasion ékaristik-la, sé la kominoté krétyin-an rasanblé, épitou pou yo répozé anba travay sa-yo ak aktivité sa-yo ki kapab anpéché sanktifikasion kalité jou sa-yo (cf. CIC, can. 1246-1248; CCEO, can. 880, § 3 ; 881, §§ 1. 2. 4).
- 1389
2180

Dézièm kòmandman-an (« Tout péché-ou fò-ou konfésé, omouin yon foua chak ané ») asiré préparasion pou Ékaristi-a palintèmediè résévoua

- 1457 sakréman Rékonsiliation-an, ki kontinué travay konvèsion épi padon Batèm-nan (cf. CIC, can. 989; CCEO, can. 719).
- 1389 Touazièm kòmandman-an (« [Sakréman Ékaristi-a] Bondié Sovè-ou pou-ou résévoua, omouin a Pak kòrèktéman ») garanti pou o minimòm yo résévoua Kò ak San Granmèt-la an rélasion ak fèt Pak-yo, ki orijîn épi pouin santral litiji krétyin-an (cf. CIC, can. 920; CCEO, can. 708 ; 881, § 3).
- 2043 Katriyèm kòmandman-an (« Jou pou-ou fè jèn, fò-ou obsèvé-l (mèkrédi sann, vandrédi sin), ni jou pou-ou pa manjé piès viann (vandrédi karèm) »), sa garanti tan disiplin (ascèse) ak pénitans-yo ki préparé nou pou fèt litijik-yo épi pou-n vîn gin kontròl instin nou-yo épi libèté kè-a (cf. CIC, can. 1249-1251; CCEO, can. 882).
- 1387 Sinkièm kòmandman-an (« Soutni l'Égliz-la nan bézouin matérièl li »)
1438 déklaré an plis fidèl-yo gin obligasion pou yo soutni, chak moun dapré
1351 posibilite-l, bézouin matérièl l'Égliz-la (cf. CIC, can. 222; CCEO, can. 25).

III. Lavi moral-la épi témouagnaj misionè-a

- 2044 Fidélité moun ki batizé-yo sé premié kondision pou anons Évanjil-la
852, 905 épi *pou mision l'Égliz-la sou tè-a*. Pou montré fòs vérité épi ékla anons salu-a dévan moun-yo, témouagnaj-la doué jouinn konfirmasion nan lavi krétyin-yo. « Témouagnaj lavi krétyin-an épi akonplisman aksion ki bon-yo nan yon éspri surnaturèl, gin yon fòs pou atiré moun-yo vîn nan lafoua-a épi vîn jouinn Bondié » (AA 6).
- 2045 Poutèt yo sé manb kò sa-a Kris-la sé tèt li-a (cf. Ep 1, 22), krétyin-yo
828 kontribué pou *bati l'Égliz-la* ak konviksion yo épi pèsévérans konpòtman yo. L'Égliz-la ogmanté, li grandi épi li éljaji gras a fidèl li-yo ki sin (cf. LG 39), joutan nou tout « nou vîn tounin moun kòrèk nèt-la, nan mézi plénitud laj Kris-la » (Ep 4, 18).
- 2046 Ak lavi y-ap minnin dapré Kris-la, krétyin-yo *ap fè Avènman Rouayòm*
671, 2819 *Bondié-a fèt pi vit*, sé « Rouayòm jistis, rinmin ak lapè » (MR, Préfas Kris-Roua). Min sé pa poua yo néglijé fonksion-yo sou tè-a ; antan yo fidèl aléga Mèt yo-a, yo akonpli fonksion sa-yo avèk douati, pasians épi rinmin.

RÉZIMÉ

- 2047 *Lavi moral-la sé yon sèvis adorasion spirituèl. Fason krétyin-an konpòté-l jouinn nouriti-l nan litiji-a ak nan sélébrasion sakréman-yo.*

- 2048 *Kòmandman l'Égliz-la konsèné lavi moral-la ak lavi krétyin-an ki fè youn ak litiji-a épi ki nourri ladan-l.*
- 2049 *Majistè Pastè l'Égliz-yo nan domèn moral-la, dòdinè yo égzèsé-l nan katéchèz-la ak nan prédikasyon-an, sou fondman Dékalòg-la ki déklaré prinsip lavi moral-la ki valab pou tout moun-yo.*
- 2050 *Pontif Romin-an épi Évèk-yo, kòm véritab ansègnan, yo préché bay pèp Bondié-a lafoua pou-l kouè-a épi pou-l apliké nan konpòtman-l yo. Sé yo minm tou ki gin pou fè jijman osijè késion moral-yo ki régadé laloua natirèl-la ak rézon-an.*
- 2051 *Infayibilité-a Majistè Pastè-yo rivé jous nan tout éléman ansègnman sa-a, ki gin ladan-l doktrîn moral-la, san éléman sa-yo yo pap kapab protéjé, ékspozé épi obsèvé vérité lafoua-yo k-ap sové moun-nan.*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶
après-a](#)